# Сенат Баслығы Мойнақ районындағы бир қатар жойбарлар менен танысты

Өзбекстан Республикасы Олий Мажлис Сенаты Баслығы Танзила Нарбаева Қарақалпақстан Республикасында болды.

2021-жыл 22-январь күни Сенат Баслығы Т.Нарбаева ҳәм Қарақалпақстан Республикасы Жоқарғы Кеңеси Баслығы М.Камалов Мойнақ районында сапарда болды.

Президентимиздиң Мойнақ районына болған сапары даўамында «Мәденият Мойнақтан басланады», деген басламасы тийкарында бул жерде көлемли жумыслар әмелге асырылды. Солардан бири – район орайынан өткен жылы қурылған «Ақ кеме» балалар дем алыў орайы.

Сенат Баслығы сапары даўамында усы орайда балаларға жаратылған шараятлар менен жақыннан танысты.

Мәмлекетимиз басшысының басламасы менен 2018-жылда Арал теңизиниң қурыған ултанында «Жасыл қапламалар»ды жаратыў ушын сексеўил егиў жумыслары басланған еди. Ҳәзирги ўақытта да бул жумыслар шөлкемлескенлик пенен даўам еттирилмекте, бул жумысларға мәмлекетимиздиң барлық аймақларынан механизаторлар тартылған.

Image not found or type unknown

Т.Нарбаева Аралдың ултанында шөлкемлестирилген сексеўил егиў жумыслары менен де танысты. Сол жердиң өзинде «Оролга мадад» акциясы өткерилди. Акция даўамында Сенат баслығы жумысшы ҳәм механизаторлар менен ушырасып, оларға жаратылған шараятларды үйренди. Илаж даўамында штабқа сексеўил туқымы, нәл ҳәм азық-аўқат өнимлери берилди. Бул ийгиликли ислердиң қатнасыўшыларына миннетдаршылық сыпатында концерт бағдарламасы қойып берилди.

Сапар даўамында Сенат Баслығы Т.Нарбаева Мойнақ экология музейиниң экспонатлары менен де танысты. Сол жерде сүўретши ҳәм дизайнер қызлар менен

жақыннан сәўбетлести, дөретиўшилик жумысларында табыслар тиледи.

Image not found or type unknown

Image not found or type unknown

Сондай-ақ, Мойнақ районы орайындағы Мәдeният сарайында шөлкемлестирилген «Нафосат» модалар көргизбесиниң ашылыў салтанатларында да қатнасты. Онда дизайнерлер тәрепинен жаратылған заманагөй түстеги миллий кийимлер инәм етилди.

Бул фестивалға Бухара, Ташкент, Әндижан ҳәм Хорезимнен көплеген дизайнерлер өзлериниң дөретиўшилик жумыслары менен қатнасты. Әсиресе «Сәўкеле», «Әййемги туран әпсанасы», «Тумар», ҳәм «Нил гранит» сыяқлы дөретпелер көпшиликте қызығыўшылық оятты. Илаж  даўамында өзиниң дөретиўшилик жумыслары менен белсендилик көрсетип киятырған дизайнерлер сыйлықланды.

Image not found or type unknown

Image not found or type unknown

Image not found or type unknown

Сенат Баслығы Т.Нарбаева «Мойнақ текстиль» кәрханасында ислеп шығарылып атырған өнимлерди барып көрди ҳәм сол жерде жумыс ислеп атырған ҳаял-қызлар менен сәўбетлести. Сондай-ақ, «Ҳаяллар дәптери»не киргизилген кем тәмийинленген ҳәм көп балалы 10 шаңарақ ўәкиллери менен ушырасып, олардың ҳалынан хабар алынды.

Сенат баслығының Қарақалпақстаандағы сапары даўам етпекте.

Өзбекстан Республикасы Олий Мажлис Сенатының Мәлимлеме хызмети